# आकाशवाणी, गोरखपुर

## दिनांक–12 सितम्बर 2024 भोजपुरी समाचार

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु प्रदेस के सज्जों अट्ठारह गो अटल आवासीय विद्यालय में शैक्षिक सत्र दुइ हजार चउबीस–पचीस क सुभारंभ कइलें अउर कहलें कि प्रदेस में जल्दिये बचल सत्तावन गो जिला, तीनि सौ पचास तहसील अउर आठ सौ पचीस विकास खण्ड में अटल आवासीय जइसन विद्यालय बनावल जाइ। जहवां पहली कक्षा से बारहवां ले क कक्षा के लइके पढ़ि सकेलें। लखनऊ क मोहनलालगंज क सिठौली कलां में अटल आवासीय विद्यालय में मुख्यमंत्री कहलें कि प्रतिभा जाति मत अउर मजहब क बंधक नाही होला अउर सरकार का जिम्मेदारी ओह प्रतिभा के सही मौका उपलब्ध करावल हौ। मुख्यमंत्री शिक्षकन से अपीलि कइलें कि ऊ छात्र लोगि में राष्ट्र प्रथम क भाव जगावें। उहां के एक अगस्त ले हर हालि में सैक्षणिक सत्र का सुरूआत कइले अउर छात्रन के अभिभावकन से बरिस में कम से कम दुइ बेरि बैइठकी कइले क निरदेसों विद्यालय प्रबंधन के दिहलीं। मुख्यमंत्री येह मौका पर एगो शिक्षक की ओरि से छात्र लोगि के सवाल क जवाबों दिहलें अउर उनके साथे ग्रुप फोटो खिचववलें।

**********

प्रदेश क उप मुख्यमंत्री बृजेश पाठक आजु कहले कि सुल्तानपुर डकैती काण्ड क आरोपी मंगेश यादव क एन्काउंटर के लेके समाजवादी पार्टी के अध्यक्ष अखिलेश यादव के ओरि से लगावल गइलि सज्जों आरोप निराधार हवें अउर प्रदेस में धरम अउर जाति देख के कउनों कार्रवाई नाही कइल जाला। ओहीं दूसरी ओरि पुलिस महानिदेशक प्रशांत कुमार आजु कहलें कि सुल्तानपुर जूलर्स डकैती काण्ड में पछिला दिन्न भइल एन्काउंटर क नियम के हिसाबी से मजिस्ट्रेट जांच क आदेस दे दिहल गइल हौ अउर ऐह में सज्जों कार्रवाई निष्पक्ष तरीका से कइल गइल हौ। आजु लखनऊ में आयोजित भइल एगो प्रेस कांफ्रेन्स में उत्तर प्रदेस पुलिस के अपर महानिदेसक कानून व्यवस्था अमिताभ यश बतवलें कि डकैती के घटना के अंजाम देवे वाला विपिन सिंह लखनऊ अउर गुजरात में कई गो बड़हन डकैती में सामिल रहल। येह काण्ड मे मंगेश यादव ओकर सहजोगी रहल अउर घटना में सामिल अउरियों अपराधियन के बयानन से ई बात साफ हो जाला।

**********

मौसम विभाग प्रदेस के ज्यादातर जिलन में बरखा भइले क अनुमान जतवले हवे अउर मध्य आ पश्चिमि उत्तर प्रदेस के सथहीं बुंदेलखण्ड अउर तराइ के इलाकन में ढेरि बरखा भइले का चेतावनी दिहले हवें। मौसम विभाग के ओर से दिहल गइल जनकारी के हिसाबि से एगो कम दबाब क क्षेत्र बुंदेलखण्ड अउर ओहसे लागल मध्यप्रदेस के इलाकन में बनल हवें जेकरे नाते कुछु जगहिन पर भारी बरखा हो सकेला। प्रदेस क हाथरस जिला में पछिला चौबीस घंटा में सबसे ज्यिादे एक सौ अट्ठहत्तर मिली मीटर बरखा रेकाड कइल गइल। हाथरस से लागल फर्रूखाबाद अउर कासंगंज जिला में भारी बरखा से लोगिन क जिनगी अस्त व्यस्त हो गइल। कई गो जिलन में लगतारे बरखा अउर पानी लाग गइले के नाते आजु स्कूल बन्न रहलें। प्रदेस के सज्जों जिलन में बीतल चौबीस घंटा से असमान में बादर छवले हवे अउर कुछु जगहिन पर लगतारे बरखा हो रहल हौ। तेज बेयारि के बिच्चे रूकि–रूकि के बरखा भइले क क्रम अबहिनों चलि रहल हौ। मौसम विभाग रामपुर, मुरादाबाद, बरेली, शाहजहांपुर, बिजनौर अउर फर्रूखाबाद खातिर बरखा भइले क रेड अलर्ट जारी कइले हवे। येह जिलन में बिहने भारी बरखा हो सकेला।

प्रदेस में पछिला चौबीस घंटा से हो रहल बरखा के नाते भइल हादसा में कम से कम पांच लोगिन का मउति हो चुकल हौ। भारी बरखा के नाते कच्चा मकान के गिर गइले से भइल हादसा से जिला मुरादाबाद में दुइ बुलंदशहर में दुइ अउर मथुरा जिला में एगो मनई क मउति हो गइल। राहत आयुक्त कार्यालय कि ओरि से जनकारी दिहल गइल हौ कि कई गो जिला में भारी बरखा के अर्लट के देखत एनडीआरएफ अउर एसडीआरएफ क टीमि के सतर्क कइल गइल हौ।

**********

अयोध्या में राम मंदिर क प्रथम तल क निमार्ण कार नवंबर महिन्ना ले पूरा हो जाइ अउर राम दरबार अगिला छौ महिन्ना में बनि के तइयार हो जाइ। राम मंदिर निर्माण समिति क बइठकी में सामिल होखे बदे अजोध्या पहुंचल समीति के अध्यक्ष नृपेंद्र मिश्र आजु कहलें कि अगिला बरिस मार्च ले राम मंदिर क पहिला अउर दूसरका तल क निर्माण अउर राम दरबार का स्थापना आ राम सीता लक्ष्मन अउर हनुमान जी क स्थापनो हो जाइ। उहां के कहलीं कि आवे वाला सारदीय नवरात्र से यात्री सुविधा केन्द्र में अपोलो अस्पताल की ओरि से इमरजेंसी स्वास्थ्य सेवा सुरू कइल जाइ।

**********

गोरखपुर क गीता वाटिका में नौ सितंबर से चलि रहल राधाष्टमी महोत्सव में आजु श्रद्धालु लोग दधिकीच मने दही अउर हरदी मिला के बनावल गइल सामग्री से होरी खेलले। ऐकरे पहिले सरधालु डांडिया नृत्य कइलें। येह मौका पर गोरखपुर अउर आस पास के इलाकन से ढेरि संख्या में सरधालु कार्यक्रम में हिस्सा लेवे खातिर पहुंचलें

**********